*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№122 (26574)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 11 июль – сусæны мæйы 11 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 БÆРÆГБОН
*Посты лæггæдтæ*

3 НÆ ФАРНЫ ЛÆГТÆ
*Хуры тыны рухсау уыд йæ фæзынд...*

4 НЕ 'ВЗАГ ЙÆ ХÆЗНА
*Ирондзинадыл иузæрдион лæппу*

**Фембæлд**

# Боны фæткы – Уæрæсейы Банкимæ æмгуыстад





**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис фембæлд статс-нымæрдар – Уæрæсейы Банчы сæрдары хæдивæг Алексей ГУЗНОВИМÆ. Ныхас цыдис æмгуыстады тыххæй.**

Фембæлды ма архайдтой Уæрæсейы Банчы Хуссайраг сæйраг управленийы хицау **Евгений Эберенц**, Уæрæсейы Банчы Хуссайраг сæйраг управленийы РЦИ-Аланийы Национ банчы хайады разамонæг **Дзиуаты Иринæ**, республикæйы финансты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Оксана Карова**, экономикон рæзты министры хæдивæг **Дзесты Марат**.

Дзанайты Барис фæбæрæг кодта, Цæгат Ирыстон бæрзонд аргъ кæй кæны Уæрæсейы Банк æмæ йæ хайадимæ æмгуыстадæн.

– Нæ республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æмæ уын мæхи номæй зæрдиаг салам зæгъын. Не 'мгуыстадыл цæуы къорд азы, æмæ йын ис æвæрццæг фæстиуджытæ. Субъект алы къабæзты рæзты бæрæггæнæнтæ æвдисы. Уæрæхдæр кæнынц фысымуæтты, туризмы объектты, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады æнæрмæджы (безналичный) фиддонты гæнæнтæ. Уыцы хъуыддагмæ ис лæмбынæг цæстдард. Уæрæсейы Банчы Цæгат Ирыстоны Национ банчы хайад æмæ Финансты министрадимæ мах архайæм нæ размæ æвæрд нысантæ сæххæст кæнынил. Арфæ уын кæнæм нæ регионæн æххуысы тыххæй. Мах цæттæ стæм дарддæры конструктивон диалогмæ æмæ Уæрæсейы Банчы хъæппæристæ нæ республикæйы æххæст кæнынмæ. Нæ кæройнаг нысан – нæ граждæнтæн цæрынæн нывыл, æнцонвадат уавæртæ саразын, – фæбæрæг кодта Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдар.

Алексей Гузнов куыд загъта, афтæмæй, Уæрæсейы Банк адæмы нысаниуæг ис æнæрмæджы фиддонтæн. Цæмæй сыл адæм тагъддæр сахуыр уой, уый тыххæй та, махмæ гæсгæ, стратегион æгъдауæй ахсджиаг хъуыддаг у республикæйы Финансон ахуырдзинады центр саразын. Уыцы хъæппæрисыл ныридæгæн куыст цæуы, æмæ æххæстгонд æрцæудзæн 2027 азы. Ахæм центртæ æнтыстджынæй кусынц Уæрæсейы Федерацийы бирæ регионты, æмæ сæ архайды æвæрццæг фæстиуджытæ зынынц, – загъта Алексей Гузнов.

Финансон ахуырдзинады центры нысан у финансон ахуырдзинады сферæйы паддзахадон политикæ æмæ граждæнты финансон культурæйы рæзт. Абон республикæйы кусы ведомствæты 'хсæн координацион къамис, æххæст кæны Цæгат Ирыстоны финансон ахуырдзинады æмвæзад фæбæрзонддæр кæныны мадзæлттæ аразын æмæ иннæ фарстаты æнтыстджынæй кусы Цæгат Ирыстоны Хицауадимæ.

– Мах стыр аргъ кæнæм нæ иудадзыг æнтыстджын диалогæн, уый нын фадат дæтты, нæ размæ цы æрвылбоны хæстæ лæууы, уыдон æххæст кæнынæн. Абоны уавæр хынцгæйæ, граждæнты царды уавæртæ фæхуыздæр кæнынæн сæрмагонд финансон зонындзинæдтæ фæ-... 

Абоны уавæр хынцгæйæ, граждæнты царды уавæртæ фæхуыздæр кæнынæн сæрмагонд зонддæр кæныны стратеги 2030 азмæ. Ног стратегийы сæйраг нысантæй иу у экономикон æгъдауæй активон адæмы финансон культурæйы рæзт.

Фембæлды архайджытæ банызхас кодтой дарддæры æмгуыстад æмæ Уæрæсейы Банчы проектты республикæйы архайды тыххæй.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Кусæг балц**

# Нывæндынц хæлардзинады тæгтæ



**Национ центр «Уæрæсе»-йы уыд горæт Владивостокы райгуырæн боны кадæн арæзт горæттæ-æфсымæртæ æмæ партнерты минæвæртты кусæг фембæлд. Архайдтой дзы делегацитæ Брест, Якутск, Дзæуджыхъæу, Благовещенск æмæ Рыбинскæй.**

Дзæуджыхъæуы делегацийæн разамынд лæвæрдта администрацийы сæргълæууæджы хæдивæг **Ходы Мæдинæ**. Йæ раныхасы уый фæбæрæг кодта, ирыстойнаг сæйраг горæты стырдæр хъæздыгдзинад кæй сты йæ цæрджытæ, сæ уазæгуарзондзинад, аудындзинад горæты алы уазæгыл дæр.

«Дзæуджыхъæу цæттæ у æмгуыстадмæ æмæ хуыздæр фæлтæрддзинадæй пайда кæнынмæ. Æууæндын, нæ горæтты 'хсæн бастдзинæдтæ кæй сæвæрдзысты бындур ног иумæйаг проекттæн культурæ, спорт æмæ фæсивæдон политикæйы», – загъта Ходы Мæдинæ.

Делегаттæ æрныхас кодтой горæтаг туризмы рæзт, ацы къабазмæ инвестицитæ æрбаздахын æмæ бæлццæттæн æмбæлгæ фадæттæ саразыны фарстатыл.

Дзæуджыхъæуы минæвæрттæ фехъусын кодтой республикæмæ туристты гуылфæны рæзты, хæххон-рекреацион кластер æмæ, уазджыты Ирыстоны национ хæринæгтæ æмæ традицитимæ чи зонгæ кæны, уыцы гастрономон маршрутты тыххæй.

**Дзæуджыхъæуы администрацийы пресс-службæ**

# Арфæтæ Ирыстоны цæрджытæн Хетæджы Уастырджийы боны фæдыл



***Зынаргъ æмзæххонтæ!***

*Зæрдиаг арфæ уын кæнын нæ национ бæрæгбæттæй иу – Хетæджы Уастырджийы боны фæдыл!*

*Ацы бон ирон адæмы монон æмæ культурон царды ахсы хицæн бынат. Здахы нæ нæ уидæгтæм, нæ рагфыдæлты зæрдылдарынмæ, Ирыстон æмæ нæ бинонтæ бирæ æнусты кæуыл æнцой кодтой, уыцы цæджындзтæм – уырнындзинад, намыс, хистæртæн кад кæнын, райгуырæн зæххы раз бæрнондзинад æмæ адæмы иудзинадмæ.*

*Хетæджы къох ирон адæмы бирæ фæлтæртæн у уды хъаруйы, адæймаджы бастдзинад традициимæ æмæ хъуыдыты сыгъдæгдзинады символ. Ам адæймаг ирдæй банкъары, нæ фыдæлтæй нæм чи 'рхæццæ, уыцы хæзнатæ – мадæлон æвзаг, æгъдæуттæ, культурæ, зын æмæ цины сахат кæрæдзимæ æнгом æрбалæууын – хъахъхъæнын кæй хъæуы. Абон, не 'хсæнад зындзинæдтæ куы 'взары, уæд уыцы хæзнатæн ис æрмæст историон нæ, фæлæ нырыккон нысаниуæг дæр. Ирыстоны хъару ис æнгомдзинад, нæ уидæгтæ зонын æмæ сын кад кæнын, нæ республикæйы иумæйаг фидæнмæ бавæрæн бахæссынмæ цæттæдзинад.*

*Ирыстоны æппæт цæрджытæн дæр мæ зæрдæ зæгъы сабырдзинад, æнæниздзинад, уды фидардзинад, рухс фидæнæй ныфсджын уæвын, иузæрдиондзинад. Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд, ме 'мзæххонтæ!*

*Мæ зынаргъ Ирыстоны цæрджытæ, æмзæххонтæ!*

*Арфæ уын кæнын нæ иумæйаг бæрæгбон – Хетæджы Уастырджийы боны фæдыл.*

*Алы аз дæр æппæт ирон адæм ацы бæрæгбон сбæрæг кæнынц кадджын уавæры. Ракурынц Хуыцауæй, зæдтæ æмæ дауджытæй сабырдзинад, æнæниздзинад.*

*Ацы бонты кувдзыстæм, цæмæй дуне сабыр уа, нæ фæсивæд уæлахизимæ сæ бинонтыл сæмбæлой, нæ кæстæртæ домбай уой.*

*Хетæгæн Уастырджи зын рæстæг цы æххуыс бакодта, ахæм æххуыс кæнæд æппæт ирыстойнæгтæн.*

*Алкæй хæдзар æмæ нæ уарзон Ирыстон фæрнæйдзаг уæнт!*

**Сергей МЕНЯЙЛО,**
**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг**

***

***Зынаргъ Ирыстоны цæрджытæ!***

*РЦИ-Аланийы Парламенты депутатты номæй уын зæрдиаг арфæ кæнын Хетæджы Уастырджийы боны – нæ кадджындæр национ бæрæгбоны – нæ бирææнусон историон æмæ культурон хъæздыгдзинæдтæ æмæ фæлтæрты æнæскъуыйгæ бастдзинады нысаны фæдыл!*

*Уæлфæдзæхст къохыл армдарæг иу кæны адæмы, цавæр нацийæ сты æмæ цы диныл хæст сты, уый нæ нымайгæйæ, Хетæджы Уастырджийы бон бæрæг кæнынц нæ бирæнацион республикæйы цæрæг алы адæмыхæттыты минæвæрттæ.*

*Уæрæсейы адæмты иудзинады аз ацы бæрæгбонæн ис уæлдай бæрзонддæр нысаниуæг. Цæстыгагуыйау кæй хъахъхъæнæм, культурæтæ, æгъдæуттæ æмæ традициты бирæ хуызтæ – сты не стырдæр хæзна, Хетæджы Уастырджийы бон адæмы иу кæны уды хуыздæр миниуджытæ – хистæртæн кад кæнын, хиуæттыл аудын, уазæгуарзондзинад, сабыр æмæ хæлар цардмæ тырнындзинады бындурыл. Уыцы бон мах тынгдæр банкъарæм, нæ хъару нæ иудзинады кæй ис, нæ адæмы иумæйаг культурон бынтæм мæтгæнаг æмæ узæлаг цæстæй кæсын кæй хъæуы.*

*Ирыстоны алы рæттæй æрæмбырд уыдзысты адæм Хетæджы къохы, цæмæй не Скæнæгмæ скувой сыгъдæгзæрдæйæ, ракурой фæрныгад сæ бинонтæн, æнæниздзинад æмæ амонд сæ хиуæттæн. Хуыцаумæ дзæбæхæй фехъуысæнт сæ куывдытæ!*

*Ацы рухс бæрæгбоны уын нæ зæрдæ зæгъы амонд, сабырдзинад æмæ фарн!*

*Зынаргъ Ирыстоны цæрджытæ! Царды рæсугъд фæндæгтыл цæугæйæ, фыдбылызæй хызт ут! Стыр Хуыцау æмæ сыгъзæринбазыр Уастырджи уын уæ куывдтытæ айсæнт!*

**ТУСКЪАТЫ Таймураз,**
**РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар**

***

*Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд «Аланты Ныхас» зæрдиаг арфæ кæны Ирыстоны æппæт цæрджытæн, Цæгатæй Хуссармæ, нæ дард æмæ хæстæг æмбæстæгтæн Хетæджы Уастырджийы бæрæгбоны фæдыл!*

*Нæ фыдæлты рæсугъд æмæ кадджын бæрæгбон нæм æрцыд æнусты сæрты, æмæ уый, æнæмæнг, у нæ адæмы удварны хæзна, нæ иудзинады нысан!*

*Алы ирон хæдзары дæр зæрдиагæй цæттæ кæндзысты сæ кувинæгтæ, куывддонтæ цæудзысты Тымбыл хъæды дзуармæ.*

*Рæстудæй табу кæндзыстæм Дунесфæлдисæгмæ, курдзыстæм дзы Дунейы сабырдзинад, æнæниздзинад, бæркад, бинонты цардамонд æмæ рухс фидæн нæ кæстæртæн, фæдзæхсдзыстæм ыл нæ хъайтар æфсæддонты, цæмæй сæрæгасæй, удфидарæй ссарой сæ къонатæ!*

*Зынаргъ æмзæххонтæ! Нæ сыгъдæгзæрдæ куывдтытæ фехъуысæнт Хуыцаумæ, æмæ уыл бæрæгбоны арфæтæ дзæбæхæй æрцæуæнт! Фæрнджын æмæ амондджын ут!*

*Хетæджы Уастырджийы хорзæх уæ уæд!*

**ФРИАТЫ Хъазыбег,**
**«Аланты Ныхас»-ы Координацион советы сæрдар**

**Бæрæгбон**

# Посты лæггæдтæ

**Æрвылаз июлы дыккаг хуыцаубоны нæ бæстæйы фæбæрæг кæнынц Уæрæсейы посты бон. Снысан æй кодтой 1994 азы. Абон федералон посты хайæдтæ, традицион лæггæдтæ – газеттæ æмæ журналтæ байуарынæй уæлдай, кæнынц бирæ æндæр куыстытæ. Уæрæсейы регионты кусы 38 мин посты хайады, æфсæнвæндæгтыл згъорынц посты сæрмагонд 800 вагоны, уыимæ, кусынц 18 мин машинæйы, постæн лæггад кæны уæлдæфон транспорт дæр. Афæдзмæ Уæрæсейы посты специалисттæ сæ бафысджытæм фæхæццæ кæнынц 26 миллиард писмойæ фылдæр, 400 милуан æрвитæггаджы æмæ 500 милуанæй фылдæр газеттæ æмæ журналтæ.**

«Уæрæсейы пост» у паддзахадон компани. Закъоны бындурыл адæммæ хæццæ кæны пенситæ æмæ пособитæ, исы коммуналон лæггæдтæн фиддонтæ, уадзы къонверттæ, маркæтæ æмæ открыткæтæ. Уæдæ посты алы хайады дæр балхæнæн ис хуымæтæг, фæлæ хъæугæ товартæ. Уæрæсейы кæцыфæнды къуыммæ дæр æрвитинаг фæхæццæ уыдзæн, æппынкъаддæр, æртæ бонмæ, æнæхъæнæй кæй фæхæццæ уыдзæн, уый дæр бæлвырд у.




Уый у не стыр бæстæйы посты куыстыл йæ цыбыр афæлгæст. Уæдæ куыд кусы Ирыстоны рагондæр хъæу Хъæдгæроны посты хайад, цы зындзинæдтыл æмбæлынц, стæй сæ зæрдæ цæмæй рухс кæны. Хъæдгæроны хъæуы бастдзинады хайады хицауæй кусы **Тлатты Маринæ**. Æрыдойнаг чызг скъола каст куы фæцис, уæд ахуырмæ бацыд горæт Курскы Бастдзинады техникуммæ, райста дзы операторы дæсныйад. Æрыгон специалисты æхсызгонæй куыстмæ райстой Æрыдоны районы почтамты коллективмæ. Уæдæй нырмæ рацыд 30 азы. Маринæ бæрнонæй æххæст кæны йæ хæстæ. Йæ фæлтæрддзинад æнæвгъауæй дих кæны йе 'мкусджытимæ.

– Ныр æртæ азы кусын Хъæдгæроны. Хъæуы цæрджытæ сæ зæрдæ нæ ивынц газеттæ æмæ журналтыл. Кæй зæгъын æй хъæуы, бирæ ивддзинæдтæ æрцыд, куыд царды, афтæ посты куысты дæр. Раздæр уыдис тынг бирæ корреспонденци. Хорз хъуыды кæнын, фыццаг компьютертæ куы фæзындысты, уæд мæ уæлæмхасæн ахуырад райсынмæ арвыстой Ростовмæ. Ныртæккæ та информацион технологиты æнус ралæууыд, хъыгагæн, адæм къаддæр фыссынц газеттæ, фæлæ уæддæр æнæ «Рæстдзинад», «Северная Осетия» æмæ «Рухс» бирæтæ нæ фæразынц. Журналтæ «Ногдзау» æмæ «Мах дуг» чи уарзы, ахæмтæ дæр нæм ис. Уыдонæн зæгъын уæлдай бузныг. Нæ постхæсджытæ **Гæздæнты Эммæ, Дзестелты Фатимæ** æмæ **Кодзырты Ритæ** сæрдæй-зымæгæй сæ уæззау хызынтимæ æнæзивæгæй цæуынц хъæуы уынгты. Се 'рбацыдмæ æнхъæлмæ кæсынц адæм, æмæ уый æхсызгон у, – зæгъы Маринæ. Йæ ныхасмæ гæсгæ, байуарынц газеттæ, журналтæ, фæхæццæ кæнынц пенситæ æмæ пособитæ. Постхæссæг хатгай социалон кусæджы хæстæ дæр райсы йæхимæ, æнæфæразгæ чи у, уыдоны курдиатмæ гæсгæ бафидынц коммуналон лæггæдтæ, посты хайады асламдæр аргъæй уæййаг ис хæдзары хъæугæ лыстæг дзаумæттæ, æмæ сæм сæ фæхæццæ кæнынц. Арæх фехъусынц арфæйы ныхæстæ сæ лæггады тыххæй. Сæ бæрны цы уынгтæ ис, уыдонæй алы бинонты дæр хорз зонынц.

– Посты лæггæдтæй адæм пайда кæнынц, зæгъæм, газæн, рухсæн, донæн, бырæттæ ласынæн, интернетæн ам ис бафидæн, районы центрмæ цæуын сæ нæ хъæуы. Æмгуыстад нын ис банк «ВТБ»-имæ, бирæтæ æфтиæгтæ райсынц, лотерейон билет балхæнгæйæ, æмæ мах дæр сæ цинып бацин кæнæм, – бафтыдта йæ ныхæстæм посты хайады хицау. Зындзинæдтыл дзургæйæ, сылгоймæгтæ загътой, сæ зын куыстæн сын мызд гыццыл кæй фидынц, уый.

Посты республикон управленийы бæрнон кусæг **Хъуппеты Валери** йæ цæст дары куысты алы хъуыддагмæ.

Æрвылбон сæрмагонд машинæ, йæ фарсыл «Почта России» фыст, хъæумæ сласы æппæт корреспонденци. Зæрдиаг арфæ кæнæм посты кусджытæн сæ профессионалон бæрæгбоны фæдыл. Зæрдæрухс ут уæ бинонтæй, уæ куыстæй.

**ГУГКАТЫ Жаннæ,
авторы ист къам**

**Национ проект**

# Æвæджиауы дæсныйад

**Цæгат-Кавказаг аграрон-технологон колледж ссис æнæтæхæг авиацион системæтæ (БАС) ахуыр кæныны бынат. Ацы ахуыргæнæндон у фыццагдæр, бæрнон нысанмæ чи бавнæлдта, ахæм. Колледж уыцы хъуыддаг æххæст кæндзæн национ проект «Æнæтæхæг авиацион системæ»-мæ гæсгæ.**

Колледжтæ æмæ техникумтæм ныртæккæ исынц абитуриентты, ацы дæсныйад у, тынгдæр кæй агурынц, ахæм. Кæд æмæ бæрзонд технологитæ уæ бæллиц сты, уæд æнæтæхæг авиацион системæтæ абон дуæрттæ гом кæнынц фидæнмæ. Ахæм специалисттæ ныртæккæ тынг хъæуынц, раст зæххы куыстæй райдай æмæ арæзтад, аэрокъамисынæй фæу.




Колледжы рауагъдонтæн сæ бон куыст ссарын уыдзæн технологон компаниты: дронтæ аразынæй сæ цалцæг кæныны онг. Куыст цæудзæн раззагдæр ифтонггæрзтимæ, æрмæст теори базонынып нæ архайдзыстут, фæлæ уæ арæхстдзинад æвдисдзыстут нырыккон тренажертыл. Технологон хæдбардзинадмæ уе 'вæрæн хæсдзыстут, суыдзыстут, æдасдзинад æмæ бæстæйы уæлдæфон тыгъдад ахадгæ хуызы чи аразы, ахæм командæйы уæнг.

Колледжы разамонæг **Моурауты Алан** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ацы программæ регионæн хорз фæахъаз уыдзæн. «Абон иунæг къабаз дæр æнæ ацы технологитæй нал сарæхсдзæн. Нæ размæ ис студенттæн хуымæтæджы диплом сæ къухы бакæнынæй уæлдай ахадгæ дæсныйад раттыны хæс. Уыимæ, уæндонæй кæсдзысты фидæнмæ. Ныртæккæ стæм иттæг хорз материалон-техникон бындуры хицау, йæ зæрды ацы дæсныйад райсын кæмæн ис, уыдон хонæм», – загъта Моурауы-фырт.

Студенттæм æнхъæлмæ кæсы, алыхуызон æвæджиауы цаутæй дзаг ахуырадон программæ, зонд сын амондзысты дæсны специалисттæ. Царды хъуыддæгтæ цы хуызы хуыздæр равдисæн ис, уый зонынц. Ахуырдзаутæн колледжы ис хорз фадæттæ, авналæнтæ, гæнæнтæ, ратахт араздзжытæ, æнæтæхæг авиацион фæрæзты алы хуызтæ æмæ æндæртæ базонынæн. Стыр æргом здæхт цæудзæн практикон авналæнтæм, проектон архайдмæ.

Абитуриентты хонынц Æрыдоны горæты Хораны-фырты уынджы 2-æм бæстыхаймæ.

**РЦИ-Аланийы
Ахуырад æмæ
наукæйы министрады
пресс-службæ**

**Хабæрттæ районтæй**

# Ахалгæ куысты фæстиуæг



**Æрхæццæ сты кæронмæ фæлварæнтæ, сбæрæг сты бæрæггæнæнтæ, чызджытæ æмæ лæппутæ – скъолаты рауагъдонтæ – сæ сабибонтæн хæрзбон загътой æмæ æрлæууыдысты фидæны къæсæрыл.**

Дыгуры районы сæ скъолатæн хæрзбон загътой æмæ ног цардмæ бакъахдзæф кодтой иуæндæсæм къласы 92 рауагъдоны. Уæлдай æхсызгондæр та у, уыцы чызджытæ æмæ лæппутæй 26 сæ æрвылбоны хъæддых куыст æмæ зонындзинæдтæм тырнындзинады руаджы сæ къухы фыццаг стыр уæлахиз кæй бафтыд – райстой сыгъзæрин æмæ æвзист майдантæ. Районы фыццаг хатт ис уыйбæрц иттæг хорз бæрæггæнæнтæ райсджытæ, æмæ йæ банымайын æмбæлы ахуырады кусджыты стыр æнтыстдзинадыл.

Кæй зæгъын æй хъæуы, Дыгуры муниципалон районы уыцы цау рохуаты нæ ныууагътой æмæ, майдантæ чи райста, уыцы цардбæллон фæсивæды æрбахуыдтой, æмæ сын кадджын уавæры зæрдиаг арфæ ракодта администрацийы сæргълæууæджы хæстæ æххæстгæнæг **Хохойты Валери.**

Йæ арфæйы ныхасы Хохойы-фырт фæбæрæг кодта, курдиатджын чызджытæ æмæ лæппутæ кæй сты æрмæст сæ ныййарджытæ æмæ ахуыргæнджыты нæ, фæлæ æппæт районы сæрыстырдзинад, æмæ бузныг загъта сæ ахадгæ куысты тыххæй ауыргæнджытæ æмæ ныййарджытæн.

**Фестиваль**

# «Æнæзонгæ» Некрасов

**Дзæуджыхъæуы æнтыстджынæй цæуы дарддæр фестиваль «Вахтангов. Фыдыуæзæгмæ фæндагыл». Ныр та ирыстойнаг театрдзаутæ базонгæ сты Ярославлæй уазджыты курдиат æмæ сфæлдыстадимæ.**

Уæрæсейы рагондæр театртæй иу – Федор Волковы номыл Ярославлы театр Цæгат Ирыстоны академион Ирон театры сценæйыл знон равдыста спектакль «От Некрасова до Некрасова». Сæвæрдтой йæ фондз азы размæ зындгонд поэт Николай Некрасовы райгуырды 200 азы бонмæ. Уæдæй абонмæ спектакль ссис сæ репертуары хуыздæртæй иу, æмæ йæ æнтыстджынæй æвдисынц сæхи театры сценæйыл, стæй, уазæгуаты кæдæм ацæуынц, уыцы горæтты дæр.



Спектакль арæзт у поэты уацмыстыл, æмæ йын йе 'мдзæвгæтæ канд дзургæ нæ кæнынц, фæлæ заргæ дæр, ома, театры артисттæ æрмæст театралон артисттæ не сты, фæлæ ма се 'ппæт дæр – рæсугъд хъæлæсты хицау. Уырыссаг фолк-рокмæ хæстæг диссаджы музыкæ ныффыста композитор **Игорь Есипович**. Æмæ театрдзаумæ афтæ кæсы, цыма хъусынц хуымæтæг æмдзæвгæ нæ, фæлæ, æмбал кæмæн нæй, Некрасовы уыцы поэзийы мелоди.



Спектаклы архайынц театры артисттæн се 'мбис. Сæйраг ролы хъазы Уæрæсейы сгуыхт артист **Николай Зуборенко**. Некрасовы уый æвдисы, алчидæр нæ гыццылæй фæстæмæ цавæр Некрасовы зоны, уыцы хуызы. Фæлæ уыцы «зонгæ» Некрасовæн йæ фарсмæ театрдзау спектаклæн йæ райдайæнæй йæ кæронмæ уындзæн, кæй «нæ зоны», ахæм Некрасовы дæр. Театрдзау базонгæ уыдзæн Некрасов – æнахъом сывæллонимæ, Некрасов – студентимæ, журналистимæ, журнал рауадзæгимæ, къамæй хъазæгимæ, помещикимæ... Артисттæ иу иннæйы фæстæ поэты цард æмæ сфæлдыстад сыфгай рафæлдахдзысты, Некрасовы æмдзæвгæтæ кæсгæйæ æмæ заргæйæ.

Спектакль хъæздыг у, артисттæ бирæгæйттæй кæм хъазынц, ахæм рæсугъд сценæтæ æмæ кæфтытæй, сæ æвæрæг – хореограф **Еленæ Соболева-Пугачева**.

Спектакль сæвæрдта театры аивадон разамонæг, Уæрæсейы адæмон артист, режиссер **Валерий Кириллов**. Либретто йæм ныффыста **Олег Грисевич**.

Спектакль куы фæци æмæ йын дзæуджыхъæуккаг театруарзджытæ тыхджын къухæмдзæгъд куы сарæзтой, уæд уый фæстæ сценæмæ рацыдысты фестиваль саразæг, Вахтанговы номыл Мæскуыйы Паддзахадон академион театры директор **Кирилл Крок**, стæй нæ республикæйы культурæйы министры хæдивæг **Рæмонты Маринæ** æмæ уазæг артисттæн стыр арфæ ракодтой. Кирилл Крок та сын балæвар кодта фестивалы приз – Мæскуыйы Вахтанговы номыл театры раз чи ис, Евгенийы Вахтанговы уыцы цыртдзæвæны чысыл къопи.

Ярославлы театрæн бындур æвæрд æрцыд 1750 азы. Йæ бындурæвæрæг уыд Федор Волков. Ацы ран се сфæлдыстадон цард райдыдтой зындгонд уырыссаг артисттæ – **Полина Стрепетова, Иван Москвин, Леонид Собинов** æмæ иннæтæ. Театр нымад у фыццаг уырыссаг профессионалон театрыл. Абон та у, чысыл горæты чи ис, афтæмæй федералон нысаниуæг кæмæн ис, иунæг ахæм театр.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ,
къамтæ систа
Татьяна ШЕХОДАНОВА**

# Хъуыддæгтæ кæронмæ фæхæццæ кæнынц

**Æрæфы районы администрацийы сæргълæууæджы хæдивæг ГОГАТЫ Аслæнбег æркаст, Толдзгуыны хъæуы национ проект «Фæсивæд æмæ сывæллæттæ»-йы фæлгæты скъолайы бындурон цалцæджы куыстытæ куыд цæуынц, уымæ.**

Арæзтадон куыстытæ кæуыл фæдзæхст сты, уыцы организацийы специалисттæ ныридæгæн фесты зæронд амаддзæгтæ халыны куыстытæ. Инженерон хызты фылдæр хай, уыдонимæ – электрон тых æмæ донæй æфсадыны, дон æддæмæ уадзыны, тæвд дæттыны системæтæ арæзт æрцыдысты. Ныртæккæ объекты æвæрынц пъолтæ, кабинеттæ, къæлидортæ æмæ иумæйагæй пайдагæнæн хатæнтæ фæлындынц.



Бындурон цалцæг æххæстгонд цæуы паддзахадон бадзырдмæ гæсгæ, фæдзæхсæг – Паддзахадон къазнайы управлени «РЦИ-Аланийы бындурон арæзтады управлени», æххæстгæнæг – æнæххæст бæрнондзинады организаци «Строймонтаж». Æппæт куыстытæ хъуамæ æххæстгонд æрцæуой 2026 азы 20 августы.

Уæлдай æргом здæхт цæуы æдасдзинад æмæ ахуырадæн æмбæлгæ уавæртæ саразыны фарстатæм.

Цалцæггæнæн куыстытæ кæронмæ куы 'рхæццæ уой, уæд скъола райсдзæн материалон-техникон ифтонггæрзтæ, нырыккон инженерон системæтæ æмæ æппæт стандарттæн дзуапдæттæг ахуыргæнæн æрмæг.

Районы администраци бындурон цалцæджы фарстамæ иудадзыг йæ цæст дары – æмгъуыдтæ куыд æххæстгонд цæуынц, уымæ, сæ хæрзхъæддзинадмæ. Куыд зæгъынц, афтæмæй сæм фау æрхæссæн нæй.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Нæ фарны лæгтæ

# Хуры тыны рухсау уыд йæ фæзынд...

## *Хетæгкаты Хъазыбеджы райгуырды 90 азы бонмæ*

**Цард кæмæй фидауы, цæстытæ кæй сурæт агурынц, йæ уды фарн зæрдæйы кæмæн баззад, йæ аивад та – Ирыстоны аивады хæзнадоны къæбицы бæрзонд æвæрдæй кæмæн у æмæ уыдзæн æнусты фæстæ дæр, уый у Цæгат Ирыстоны сгуыхт нывгæнæг, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат Хетæгкаты Хъазыбег. Абон ыл сæххæст уыдаид 90 азы.**



Райгуырд 1936 азы 10 июлы Къостайыхъæуы. Хъæууон скъолайы фæстæ каст фæцис Дзæуджыхъæуы педагогон училищæйы аивадон-графикон хайад. Уый фæстæ уæлдæр ахуырад райста Ленинграды И.Е. Репины номыл нывкæнынад, скульптурæ æмæ архитектурæйы институты. 1985 азы Уæрæсейы Аивæдты академи Хъазыбегæн йе сфæлдыстадон сгуыхтдзинæдты тыххæй саккаг кодта æвзист майдан. Хъазыбег уыд курдиатджын нывгæнæг, Ленинграды академийы къамисы уæнгтæ ацы хæрзиуæджы аккаг Ирыстонæй фыццаг уый скодтой. Фæлæ цы загъдæуа хъысмæтæн... Нывгæнæг цæрæнбонты цы сфæлдыстадон бынтыл фæфыдæбон кодта, уыцы бæлæстæ нæртон дидинæг куы ракалдтой æмæ йæ царды рагбæззæджы дыргътæ æмбырдгæнæн афон куы 'рхæццæ, уæд... Уæд ын сæ ад базонын нал бантыст.



Уæззау цау æрцæуыны размæ æрдз дæр цыдæрхуызон ныссабыр вæййы. Ныггоби вæййынц цъиутæ дæр, æмæ сæ цъыбар-цъыбур нал фæхъуысы.



Раст ахæм уыд 1985 азы 5 декабрь Хъазыбеджы амæлæты бон. Аскъуыд æрдæгыл йæ цард. Цы сты 49 азы цæрынæн? Уысм. Сфæлдыстадон адæймагæн та – уысмы 'мбис. Хъазыбегæн Ленинграды ацы стыр хæрзиуæг цы бон снысан кодтой, уыцы бон æй Дзæуджыхъæуы та Иры дзыллæ фæндараст кодтой йе 'нусон дунемæ. Бæстæ баталынг. Дыдзы цырагъау Иры фарнæн нывгæнæджы уд басыгъд.

Фæлæ ма искуыдæр æцæг адæмон нывгæнæгæн амæлæн уыд? Нæ. Цы бинонтæ æмæ бирæ хæлæрттæ ныууагъта йæ фæстæ, уыдоны фарнæй цæры нæ зæрдæты, йæ ахуыргæнинæгты мысинæгты, цæры йæ конд кæттæгтыл, цæры Ирыстоны аивады историйы, газеттæ, журналтæ æмæ чингуыты фæрстыл... Цæры æмæ нæ хъуыдытыл æфтауы. Хъустыл та ауайы йæ диссаджы зарæг... Уæдæ цæры...

Æгæрон сты Хъазыбеджы сфæлдыстадон бынтæ Ирыстоны нывкæнынады. Нывгæнæг дзы ссардта йæхи фæндаг æмæ йыл кадимæ кæронмæ ацыд. Уый уыд, йæ цард æнæхъæнæй дæр аивадимæ чи сбаста, ахæм адæймаг. Йæ куыстытæй бирæтæ абон сты Уæрæсейы стырдæр музейты экспонаттæ. Паддзахадон Уырыссаг музейы, Скæсæны адæмты паддзахадон музейы, Уæрæсейы Нывгæнджыты цæдисы Мæскуыйы, Ленинграды Е.И. Репины номыл Аивæдты академийы фонды, уыимæ – Ростовы, Гуырдзыстоны, Болгарийы, Кæсæджы...

Ирыстоны нывкæнынады историйы Хъазыбег баззад ирон Рембрандтæй. Уыцы хъуыды сæ рæстæджы загътой Ирыстоны зынгæ аивадиртасæг Дзантиаты Анатоли, скульптор Дзбойты Михал, нывгæнджытæ Бедойты Шалва, Джыккайты Мурат, дзæнæтыбадинаг Æрчъегкаты Асланбег æмæ Гæгойты Таймураз.

Йе сфæлдыстадыл цæст ахæсгæйæ, æнцонæй рахатæн ис, йæ куыстытæн сæ фылдæр хай кæй сты бирæфигурон нывтæ. Алы нывгæнæг нæ бахæсдзæн йæ ныфс ацы хуызы нывтæ кæнынмæ. Хъазыбег та фæлтæрд уыд куыстмæ. Йæ бирæфигурон композициты райтыгъта йæ адæмы, фыдæбонгæнджыты сурæттæ. Йæ хъайтартæ агуры куыстуæтты, колхозон быдырты, æрзæткъахæнты сын æвдисы сæ цард, сæ уды конд, се 'гъдау, фæтк... Семæ хорз зонгæ уæвгæйæ, уыдон разындысты йæ бирæфигурон куыстыты: "Металлургтæ", "Киров хохæгтимæ", "Зырнæйзилджытæ", "Хохкъæртгæнджытæ", "Хоры куывд", "Чындзæхсæв", "Зиан" æмæ æндæрты.

Нывгæнæг цы портреттæ ныффыста, уыдон йе сфæлдыстады ахсынц зынгæ бынат. Сты æххæст æмæ уæззау сурæттæ. Уыдонæй иу у, цæстытæ атонын кæмæй нал фæкомынц, уыцы "Телойы портрет". Уæдæ йæ иннæ портреттæ: "Хъæуккаг постхæссæг", "Зæронд салдат", "Адæйы портрет", "Мæ цардæмбалы портрет", "Сылгоймаджы портрет" дæр сты удæгас шедевртæ.

Хорз фыста пейзажтæ дæр. Йæ нывты зарыд ирон æрдзы алæмæты аивдзинадыл. Хъазыбеджы сфæлдыстады сæргагонд бынат ахсы Къостайы сурæт. Нывтæ "Номарæн", "Къоста хасты фæстæ", "Хæрзбон поэтæн", "Къостайы зиан", "Зиан", "Трагикон этюд"... Æвдисынц нывгæнæджы ахаст поэтмæ. "Къостайы зиан" ссис Иры артдзæсты шедевртæй иу. Хъазыбег равдыста, поэты мæлæт адæмæн цы хъыг æрхаста, уый.

Æрмæст кæттагыл нæ нывтæ кодта, фæлæ дæсны уыд графикон куыстытæ кæнынмæ дæр. Ручкæйæ, къæрандасæй, тушæй, гуашæй йæхицæн арæзта цæттæгæнæн куыстытæ, эскизтæ стыр кæттæгтæм. Фæлæ, алы эскиз хицæнæй райсгæйæ, йæхæдæг у æнæхъæн аивадон дуне. Уæлдайдæр та хорз арæхст акварелæй кусынмæ, кæцы у йæ технологимæ гæсгæ уæззаудæр, домы арæхстгай бавнæлд.

Хетæгкаты Хъазыбеджы номы цардысты адæймаджы удыхъæды хæзнатæ: цард æмæ адæммæ уарзондзинад, бæрнондзинад, æнæхиндзинад, уды сыгъдæгдзинад. Йæ зæрдæ гом уыд алкæмæн дæр, сывæллонау цин кодта алкæй цинаыл дæр. Хъазыбег уыд Ирыстонæн — фарнхæссæг хъæбул, йæ ныййарæг мадæн — коммæгæс фырт, йæ хæлæрттæн — ныфсы мæсыг, æфсымæрæн — фидар уæхск, йæ бинойнагæн — хорз цардæмбал, йæ цотæн — хорз фыд. Йæ хъæбулты хъæбултæн дæр уыдаид æппæтæй хуыздæр дада... Æмæ у. Уымæн æмæ сæм уыцы бæстæйæ дæр йæ фарн хæццæ кæны, уæлæуыл цы кад ныууагъта, уый та сын кæны рухс сæ цардвæндаг.

Хъазыбег уæззау æмæ мæгуыр уавæрты бахъомыл. Йæ равзæрст ахорæнтæ дæр сты морæхуыз, тар, хуымæтæг. Ахæм хуызтæй банкъардта нывгæнæг цард. Уый æмбæрста, цард æцæгæй трагеди кæй у. Чи зоны, йæ адзал дæр æмбæрста æмæ æппынæдзух кодта тагъд, йæхиуыл æнауæрдгæйæ куыста йæ æрмадзы. Йæ фæстæ цы бынтæ ныууагъта, уыдон сты 600 куыстæй фылдæр. Фæлæ цы гыццыл азтæ рацард, уыдонæй хаста йæ адæмæн рухс æмæ хъæлдзæг бонтæ. Раст хуры тыны рухсау уыд йæ фæзынд...

**ХЕТÆГКАТЫ-УАНИТЫ Оксанæ**

# Хæрзгæнæг

## *Социалистон Фæллойы Хъæбатыр Мæрзойты Хъазыбеджы 100 азы райгуырды бонмæ*

**Мæрзойты Хадзымуссæйы фырт Хъазыбег – Социалистон Фæллойы Хъæбатыр, йæ цард, йæ хорз хъуыддæгтæй XX æнусы, 60-80-æм азты бæрзонд систа Кировыхъæуы фарн æмæ кад. Уый æдзухдæр архайдта йæ адæмы иудзинадыл, æппæт мадзæлттæ арæзта йæ дæлбар хæдзарады рæзтæн æмæ, йæ царды уалдзæджы ауæдзы цы нæмгуытæ акалдта, уыдон ын йæ царды фæззæджы бæркадджын фæллой раттой.**



Хъазыбеджы ныййарджытæ Хадзымуссæ æмæ Басион Анутæ (Нана) кæд зæхкусджытæ уыдысты, мæгуыр цард кодтой, уæддæр уарзондзинад тыхджын у, æмæ сыл цард бацайдагъ. Уыдис сын дæс хъæбулы, дыууæ дзы гыццылæй амардысты, фæлæ сæ цыппар лæппуйы æмæ цыппар чызджы сарæзтой царды рæсугъд фæндæгтыл, сахуыр сæ кодтой ирон хæдзары скъолайы æгъдæуттыл, адæм æмæ фæллоймæ уарзондзинадыл.

Хъазыбег уыд цоты хистæр, райгуырд 1926 азы 13 июлы. 1943 азы фæцис Кировыхъæуы 9-азон скъола иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ. Астæуккаг скъолайы фæстæ, бинонты уæззау уавæртæм гæсгæ, кусын райдыдта колхозы прицепщикæй, уый фæстæ сбадт тракторыл.

1950-1951 азты Советон Æфсады рæнхъыты службæйы рæстæг æнæнхъæлæджы йæ фыд амард, æмæ йæ æмгъуыдæй раздæр суæгъд кодтой йæ службæйæ.

Мæрзойы-фыртæн гуырдзæй нæ баззад хъæздыгдзинады хордзен, уый хыгъд йæ удварн æххæст уыд ирон фарн, æгъдау, уæздандзинады æуууæлтæй, фæзминаг – алы хъуыддаджы. Рухс фидæнмæ тырнынæн ын ахуыр æмæ фæллой систы царды дыууæ базырау. Уыдон ын лæвæрдтой ныфс, æмæ 1954-1956 азты фæсауuон ахуырмæ бацыд Цæгат Ирыстоны хъæууонхæдзарадон скъоламæ. 1956-1957 азты та райста уæлдæр партион скъолайы ахуырад. Назраны хъæууон-хæдзарадон техникум каст фæци фæсауuонмæ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ, 1970 азы та – Хæххон хъæууонхæдзарадон институты экономикон факультет.

Æрдзон курдиат æм уыд æхсæны куыстмæ, разамонæджы дæснийадмæ, адæмимæ цæрынмæ. Хъæубæстæ йын хистæрæй-кæстæрмæ кодтой стыр аргъ, æууæндыдысты йыл æмæ йæ 1957 азы, колхозы активы уынаффæмæ гæсгæ, уæлдайдæр – Козаты Сафонкайы хъæппæрисæй равзæрстой колхозы сæрдарæй.

Кировыхъæуы хæсты ветерантæ æмæ йæ цæрджытæ архайдтой стырæй-чысылæй хæдзарады райрæзтыл, æмæ æрыгон, æвæлтæрд сæрдары фарсмæ 'рбалæууыдысты колхозы раздæры сæрдартæ, фæлтæрдджын æмæ куырыхон хистæртæ Къозонты Къоста, Хъайтмазты Къоста, Козаты Сафонка æмæ Спиридон, Гаджиты Матвей æмæ иннæтæ. Уый сæм лæмбынæгæй хъуыста, пайда кодта сæ зонындзинæдтæй. Фæзынд иудзинад адæм æмæ хицауады астæу дæр. Колхозы активисттæ Дзалаты Солтан æмæ Гаппо, Сихъоты Кота æмæ Адæбе, Мурасты Чермен, Козаты Гуыбе, Гаджиты Алыбег, Бирæгъты Кирил, Куыдзæгты Уалент, Къадзаты Евген, Андрей Дьяченко, Баситы Замирæт, Гаджиты Ксеня, Магкаты Разиат, Дзалаты Наталья æмæ иннæтæ, фидар цæджындзтау, æрбалæууыдысты Хъазыбеджы алыварс æмæ удуæлдайæ архайдтой хъæздыг тыллæг æрзайын кæныныл алыхуызон халсартæй: нартхор, цæхæра, джитъри, бадырджан, сысджы, мæнæу, харбыз æмæ афтæ дарддæр. Уыдоны уæлдай быдырты тыдтой гæн. Ацы культурæйы куыстæй бæлвырд фылдæр æфтиаг хауын райдыдта хæдзарады къазнамæ æмæ хъæуы цæрджытæм. Цард хуыздæрæй-хуыздæр кодта экономикон æмæ культурон æгъдауæй.

Хетæгкаты Къостайы номыл колхозонтæ цалдæр азы мидæг сæ хъазуатон фæллойадон æнтыстыты тыххæй Мæскуыйы уыдысты ССР Цæдисы Адæмон Хæдзарады Æнтыстдзинæдты Равдыстыты архайджытæ. Раззагдæртæ хорзæхджын æрцыдысты Равдысты майдантæ, дипломтæ æмæ хæрзиу-джытæй.

Цымæ цал æгъуыссæг æхсæвы арвыста Хъазыбег йæ адæмы царды уавæртæ фæхуыздæр кæныны охыл. Уый дон нал хастой. Уый цас удæнцойдзинад æрхаста цæрджытæн! Уæдæ алы хæдзары фæзынд радио, телевизор, телефонтæ. Хъæуы уынгтæ æмæ фæндæгтæ лæгъз æрцыдысты, сæйрагдæр уынгтæ – асфальтæй æмбæрзт. Телыхъæдтыл фæзындысты электрон цырæгътæ.

Ног скъола, ног культурæйы хæдзар, рæвдауæндон, алыхуызон дуканитæ, уæлæйы дзаума æмæ дзабыртæ хуыйæн цехтæ, библиотекæ, æхсырытоварон, лыстæг фосы, цъиутæдарæн фермæтæ – иууылдæр арæзт цыдысты кусæг лæджы цардыуаг фæрогдæр кæнынæн. Хъæуы цæрджытæй бирæтæн бантыст цæрæн хæдзæрттæ саразын колхозы æххуысæй.

Радих-иу сын кодтой зæххы хæйттæ, фæкаст-иу сæм арæзтадон æрмæгæй. Зæгъæм, Хъазыбеджы фæндонмæ гæсгæ, правлени рахаста уынаффæ, поэт Туаты Сергейæн колхозы хардзæй саразын дыууæуатон хæдзар зæххы хайимæ. Ацы фæндон царды æххæст дæр æрцыд. Ахæм хабæрттæ иу æмæ дыууæ нæ уыдысты йе 'нæрынцой куысты. Бонæй-бонмæ йæ царды рифтаг дзагæй-дзагдæр кодта фæзминаг хъуыддæгтæй. Гаджиты Витя æмæ Нинæйæн уыд æхсæрдæс сывæллоны. Колхоз сын материалон æгъдауæй æрвылаз æххуыс кодта. Уый уæлдай ма сын ног хæдзар сарæзта стыр зæххы хайыл æмæ афтæ дарддæр.

Културон æгъдауæй дæр хъæуы Культурæйы галуаны цард цæдджинагау фыхт. Ирон театры, Куклаты театры йæ адæмы, йæ хъæубæстæ æмæ зæххы куыст афтæ тынг куы нæ уарзтаид, уæд сын йæ царды æрыгондæр азтæ дæр не снывонд кодтаид. Æрмæст Кировыхъæуы, Хетæгкаты Къостайы номыл колхозы сæрдарæй бакуыста 27 азæй фылдæр, æртæ азы та – Мичурины хъæуы фæстæзад колхозы. Хъазыбег ам дæр дысвæлдæхтæй æхсæвæй-бонæй архайдта. Йæ рæстдзæвин разамындæй цыбыр рæстæгмæ Мичурины колхозы активимæ, хъазахъхъæгтæ æмæ фæсивæды æвзыгъдтимæ йæ къухы бафтыд ног æнтыстдзинæдтæ хорæрзады, фос дарыны хабæрттты, æмæ фæстæзад колхоз раззагдæрты æмрæнхъмæ рацыд. Мичуринæгты цинæн кæрон нал уыд. Социалон æмæ экономикон æгъдауæй сæ царды уавæртæ фæхуыздæр сты.

Æгæрон сты Мæрзойы-фырты æнтыстдзинæдтæ хъæууонхæдзарады рæзты, фæлæ уæддæр, Хъазыбег йæ райгуырæн Кировы хъæубæстæн цас хæрзты бацыд, уыдон нымайæг нымад нæ фæуыдзæн. Сæ сæйрагдæртæй: æрдзон газ фæзынд алы хæдзары, хъæуы уынгты æфсæйнаг хætæлтыл рацыд нуазыны дон, адæм сæ ведратимæ иу тигъæй-иннæмæ цъайтæй артисттæ, Цæгат Ирыстоны Паддзахадон кафджыты ансамблы кафджытæ арæх æвдыстой колхозы хардзæй сæ спектакльтæ æмæ концертон программæтæ. Цымыдисаг фембæлдтытæ арæзта Фысджыты цæдисы уæнгтимæ. Клубы алы изæр дæр æвдыстой кинонывтæ хистæртæн, сабат æмæ хуыцаубонты та – сывæллæттæн.

Уыд ын парахат бастдзинад Горькийы номыл автомобилон заводы хицауимæ дæр. Сæ лымæндзинады фæрцы йæ цыдæриддæр техникæ хъуыд колхозæн, уыдон ногæй-ногмæ ивтой.

Хъазыбег уыд Æрыдоны райкомы партион организацийы активондæр æхсæнадон архайджытæй, СЦКП-йы XXIV съезды делегат, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Совет æмæ Æрыдоны райсоветы депутат, СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обком æмæ Æрыдоны райкомы, Уæрæсе Колхозты Цæдисы уæнг, адæмон депутат. Йæ фæллойадон сгуыхтдзинæдты тыххæй хорзæхджын æрцыд Советон Цæдисы Фæллойы Хъæбатыры номæй, Ленины орден æмæ майдан «Дзæбуг æмæ Æхсырф» æмæ ма бирæ æндæр Уæрæсе æмæ Цæгат Ирыстоны хæрзиуджытæй. Уæлдæр хицауад ын йе 'вæллайгæ куыстæн кодтой стыр аргъ, æмæ ссис нæ республикæйы хуыздæр хъæууонхæдзарадон фæллойы организатортæй иу. 1984-1986 азты та сси нæ республикæйы хъæууонхæдзарадон Паддзахадон комитеты сæрдары хæдивæг, 1986-1989 азты уыд Цæгат Ирыстоны Паддзахадон аграрон промышленнон транспортон дæлбархайады хицау. 1989 азæй йæ царды фæстаг бонтæм разамынд лæвæрдта мыдыбындзыты совхоз «Бехъан»-æн.

Хъазыбег царды къæпхæнтыл афтæ бæрзонд не схызтаид, йæ фарсмæ фидар цæджындзæн йæ цардæмбал Калоты Барисы чызг Лидæ куы нæ уыдаид, уæд. Лидæ уыд уæздан æмæ сæрæн, æцæг нæртон сылгоймаг, къонайы фарн. Уарзонæй йын уырдыг фæлæууыд йæ царды фæстаг бонмæ, фæлæггад ын кодта æрмæст йæхицæн нæ, фæлæ, æдзух йæ фæстæ цы бирæ 'мгæрттæ, æхсæнадон архайджытæ, суанг ма фæсарæйнаг уазджытæ цыд, уыдонæн дæр. Лидæйы фæрцы йæ бинонтæм йæ зæрдæ никуы 'хсайдта. Сæ ахуыры хабæрттæ, хæдзары зылдтытæ, хъомыладон фарстатæ бындуронæй иууылдæр бæрнонæй уæз кодтой Лидæйы уæхсджытыл, цæмæй Хъазыбегæн æнцондæр уа, æмæ йæ куысты хабæрттæ æнæкъуылымпыйæ цæуой.

Лидæ хæрзæрыгон чызгæй баззад сидзæрæй. Хъазыбегимæ кæрæдзийы бауарзтой, æмæ фарны къах æрбавæрдта Мæрзойты бинонтæм. Бинонтæ йæ хи чызгау сбуц кодтой. Хъазыбег та йын йæ фæлмæн уарзты ахадындзинæдтæй йæ зынтæ æмæ сидзæры бонтæ ферох кæнын кодта. Сæ уарзондзинады фæрцы фидар ахстон сбыдтой. Равзæрд сын цыкурайы фæрдгуыты хуызæн æртæ чызджы: Светæ, Беллæ, Аллæ æмæ къонайы бындар – Вячеслав (Славик).



Анутæ (йæ мад), Хъазыбег, Лидæ, Славик, Аллæ, Ленæ (Хъазыбеджы кæстæр хо), Бэлæ, Светæ

Хъазыбег царды гуыргъахъхъ фæндæгтыл фæцыд хæрзгæнæгæй, сыгъдæгзæрдæйæ. Цард адæмы хорзæхæн, фæсивæды сомбоны амондæн. Фæлæ хъысмæты фæндаг æдзух æмхуызон лæгъз нæ вæййы. Йæ тæккæ лæджы кармæ куы бахæццæ, уæд уæззау низæй фæрынчын. Дохтырты хуыздæртæ йæ разы цырагъау фæлæууыдысты дæргъвæтин рæстæг. Буц æмæ рæвдыд уыд йæ кæстæртæй, æмхуызонæй йын зæрдиагæй лæггад кодтой, фæлæ адзалæн мадзал нæй... 1991 азы 23 августы банцад йæ куыстæй – адæмæн уарзон, хорз адæймаг, арæхстджын æмæ хъæппæрисджын разамонæг, хъæууонхæдзарадон куыстады курдиатджын организатор, Социалистон Фæллойы Хъæбатыр Мæрзойты Хадзымуссæйы фырт Хъазыбеджы зæрдæ. Кад æмæ намысимæ æвæрд æрцыд Дзæуджыхъæуы Намысы аллейы.

**ДЗУГАТЫ-МУРАСТЫ Риммæ, Цæгат Ирыстоны културæйы сгуыхт кусæг, УФ-йы Журналистты цæдисы уæнг**

Не ‘взаг – йæ хæзна

# Ирондзинадыл иузæрдион лæппу

**– Уынын, ирон æвзаг цы уавæры ис, уый. Ирыстон мæ Райгуырæн бæстæ у, ирон культурæйыл схъомыл дæн, æгъдау цы у, уый зонын, æмæ мæ цард дæр ирон æгъдаумæ гæсгæ аразын, – зæгъы Станислав БАШИРИН. Æмæ уыцы хъуыды канд йæ ныхæсты нæй, æххæст сæ кæны хъуыддагæй дæр. Суинаг æрыгон дохтыр бавдæлд æмæ бакуыста «Осетинские филворды» хъазтыл.**



Уымæй Елхотæй рацæугæ лæппу йе ‘вæрæн бахаста ирон æвзаджы рæзтмæ. Филвордтæ хынцгæйæ, адæймагæн фадат ис канд хъазынæн нæ, фæлæ ма уыцы рæстæг, кæмфæнды куы уа, уæддæр ирон æвзагыл æвæлмæстæй дзырдтæ иронау бахъуыды кæнын, хъазты та сæ нымæц хæццæ кæны 2000 онг. Уымæй уæлдай, хорз фæрæз у мадæлон æвзаг хуыздæр базонынæн.

– Цавæрдæр цымыдисаг графикон æмæ мультипликацион персонажтæ скæнгæйæ, ирд æнкъарæнтæ йæм бахæсгæйæ, адæймаг хуыздæр бахъуыды кæны ахуыргæнæн æрмæг. Академион наукæ «хус» у, сæ фæрцы та æрмæг æнцондæр æмбарæн у. Йе руаджы зонындзинæдтæ фылдæр ис райсæн, – зæгъы Станислав. Йæ фыццаг проект царды рацыд, Цæгат Ирыстоны Медицинон академийы ма куы ахуыр кодта, уæд. Фыццаградон аккредитацимæ цæттæ кæнгæйæ, рауагъдонтæн стыр æххуыс у проект «Симулятор станции аккредитации». Йæ дыккаг проект уыдысты медицинон филвордтæ, æртыккаг - ирон филвордтæ. Рауагъдмæ цæттæ кæны проект «Медицинский случай».

– Ирон филвордты хъазты нысан у, мæ бон цы у, уымæй, ирон æвзаг цæмæй ма фесæфа, ууыл бакусын. Æвзаг сахуыр кæнынмæ чи тырны, науæд æй æвзæр чи зоны, уыдонæн æххуыс уыдзæн ацы проект. Арæх мæ бафæрсынц, уырыссаг уæвгæйæ, мæ ныфс куыд бахастон ирон проект саразынмæ. Мæ фыд Алыксандр Саратовæй уыд, фондзаздзыдæй сидзæрæй баззад, æмæ йæ сластой Ирыстонмæ, Елхотмæ йæ фыдыхомæ, хъомыл дæр æй уый скодта. Хорз дзырдта иронау, хъыгагæн, мæ алыварс цы адæм уыд, уыдонæй мадæлон æвзагыл бирæтæ нæ дзырдтой, кæд ирæттæ уыдысты, уæддæр, æмæ йæ мæ фыды хуызæн хорз нæ базыдтон. Æмбарын, фæлæ йыл дзурын æфсæрмы кæнын, къуыхцытимæ мын фæуайы... Хъæзтытæ арæзтон Абайты Васойы дзырдуатмæ гæсгæ, æмæ мæм афтæ кæсы, ирон æвзаг ахуыр кæнгæйæ, адæмæн та историмæ. Каст фæцис Елхоты аивæдты скъолайы нывкæнынады кълас, хорз арæхст ныв кæнынмæ. Фæстæдæр ын уый стыр ахъаз фæцис, проекттæ аразыныл куы райдыдта архайын, уæд. Йæ хъус дары аивадон уацмыстæ фыссынмæ дæр, нырид æгæн уал рухс




уый стыр æххуыс кæй уыдзæн, – ныфс ис хъазт саразæджы.

Станислав йæ гыццылæй фæстæмæ зæрдæргъæвд уыд. Саби ма уыд, афтæмæй бинонтæ алыгъдысты Кæрдзынмæ. Алцыдæр æй фæндыд базонын. Цымыдис кæй уыд, уый фæрцы физикæ æмæ математикæйæ ерысты ахста фыццаг бынæттæ, йæ хъус дардфедта йæ наукон-фантастикон роман «Корью переболел».

Æрыгон дохтыр ныртæккæ кусы æртæ ног проектыл, уыимæ, архайы ирон филвордты программæ хуыздæр кæныныл, хæссы йæм ногдзинæдтæ æмæ уæлæфтуантæ.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

## Арфæтæ Ирыстоны цæрджытæн Хетæджы Уастырджийы боны фæдыл

*Æрбахæццæ та нæм Ирыстоны кадджындæр бæрæгбæттæй иу – Хетæджы Уастырджийы бон, æмæ уый фæдыл зæрдиаг арфæ кæнын нæ дыууæ Ирыстоны цæрджытæн!*

*Ацы уаз бонмæ фенхъæлмæ кæсæм, Ирыстоны алы рæттæй æрæмбырд вæййæм Хетæджы къохмæ, æмæ нæ алчидæр Хуыцауæй хорзæхтæ фæкуры йæ бинонтæн, хиуæттæн, Иры дзыллæйæн, нæ бæстæйæн. Сыгъдæгзæрдæйæ цы куывдтытæ фæкæнæм нæ кадджын бæрæгбоны, уыдон Хуыцаумæ хæццæ кæнæнт, чи цæмæ бæллы æмæ цы куры, уыдон ыл дзæбæхæй æрцæуæнт! Ныртæккæ алчидæр фæндæгтыл цæуы, æмæ уын æнæфыдбылыз, лæгъз æмæ амондджын уæнт! Тæхгæ-нæргæ Уастырджи уæ йæ рахиз базыры бын дарæд!*

*Абон не стырдæр бæллиц у сабырдзинад, æмæ тагъд рæстæджы ралæууæд, не ‘хсарджын хæстонтæ сæ хæдзæрттыл сæрæгасæй сæмбæлæнт!*

***ЛАЛЫТЫ Лев,***
***æхсæнадон архайæг***




## РЦИ-Аланийы Посты службæйы управленийы кусджытæн

***Адæмон газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы коллектив зæрдиаг арфæ кæны Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Посты службæйы управленийы кусджытæн сæ профессион бæрæгбон – Посты кусæджы боны фæдыл!***

***Цы зын, фæлæ уыл бæрнон хъуыддаг фæдзæхст ис, уым уын нæ зæрдæ зæгъы стыр æнтыстытæ, фидар æнæниздзинад, фæрныгад, амонд æмæ рæсугъд фидæн. Царды хорздзинæдтæй уæ алчидæр хайджын уæд!***

***«Рæстдзинад»-ы редакцийы коллектив***

# Дзырдбыд

**ФÆРСЫРДÆМ:** 1. Цирчы хъазæг, клоун. 3. Сугсæттæн къодах. 5. Къахы хай. 7. Дыргътæ æвæрæн бынат. 12. "Лæг... ус" (Къоста). 13. Афæдздзыд сæгъ. 16. Цæхæрадоны зайæгой. 17. Æрх, лæнк. 19. Цыргъаг. 21. Дзулы хомаг. 23. Пълотничы дзаума. 24. Картæты æмбырдгонд. 26. Рагон артаг. 29. Дыккаг аз æнæкарст уыгæрдæн. 31. Нарты кадджыты архайæг. 32. Маргджын зайæгой. 34. Фæздæ-джы фæд. 35. "...фыййау йæ фосы рæгъау нымадæй дары" (Къоста). 38. Æмбонд. 39. Уæрдоны хай. 41. Къостайы кадæг. 43. Дарæсы хай. 45. Тебæ. 46. Иумæйаг æххуыс. 47. Цæрукъаты Алыксандры радзырд "Цардæй мæлæты 'хсæн"-ы архайæг. 48. Стъалыгуппар Домбайы ирддæр стъалы. 50. Горæт Гуырдзыстоны. 53. Хæдзары дзаума. 54. Мигъ бон. 56. Мадымад, фыдымад. 57. Советон космонавт. 60. Рог машинæ. 61. Дзугаты Георгийы æмдзæвгæ. 63. Зынаргъ дур. 64. Ноггуырд лæппу. 66. Сæрды мæй. 69. Пальмæйы хуыз. 72. Хæдтæхджытæ цалцæггæнæн бынат. 73. "Фæрсыс ма мæ: чи дæ? Уæд... — мæ ном! (Къоста). 75. Фароны хъуын. 77. Хæстон балц. 78. Ирон грамматикæйы бæттæг. 79. Фыццаг ирон журнал "Зонд"-ы редакторы ном. 82. Джусойты Нафийы роман "Фыдæлты туг"-ы архайæг. 83. Секъайы радзырд. 84. Бæгæны æнæ хуымæллæгæй. 85. Цæл. 86. Фосы бынат.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Судзæн æрмæг. 2. Хъæдын похци. 4. Нарты кадджыты архайæг, Ацæмæзы фыд. 6. Цæсгомы хай. 8. Хъæбæрхоры мыггаг. 9. Хæдзарон цæрæгой. 10. Хион, къабаз. 11. Развæлгъау хъусынгæнинаг. 13. Нарты кадджыты архайæг. 14. Къæдз, зылын. 15. Мангойлаг æхца. 18. Нымæц. 20. Мæрдты бæсты зайæг бæлас ирон мифологийы. 22. Æнæсыбыртт. 23. Сахаты хай. 25. Цæрæнбынат амонæн. 27. Æмбис. 28. Мызды иу хай. 30. Кувæндон. 31. Хæцæнгарз. 33. Хæмпæлгæрдæг. 35. Хæдзары сæр æмбæрзæн хъæд. 36. "Мæрдты Барастыр дæм ницы рæдыд..." (Къоста). 37. Судзгæ суг. 40. Хъæддаг маргъ. 42. Бæхæн хор дæттæн дзаума. 43. Рæстæг, заман. 44. Ирон хæринаг. 49. Лæггадгæнæг раджы заманы. 51. Горæт Уæрæсейы. 52. Сырдоны фырттæй иуы ном. 53. Рæстæджы бæрц. 55. Аивады хуыз. 58. Цъаргонд фæндагыл. 59. Æгоммæгæс бæх. 62. Тар хъæд. 63. Туаты Дауыты драмæ "Слонаты Софиа"-йы архайæг. 65. Хъæу Уæлладжыры комы. 67. Хуыз. 68. Саргъы хай. 69. Аг æвæрæн бынат. 70. Стыр кæсаг. 71. Дыууадæс мæйы. 74. Згъæры хомаг. 76. Æнуд. 77. Уырынгон, къогъо. 80. Шекспиры трагедийы къаролы ном. 81. Фæндыры хай.



### Дзуаппытæ 4 июлы номыры мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:** 5. Гæвди. 6. Кадæг. 11. Мулк. 12. Гæмæх. 13. Уарди. 14. Тæрс. 18. "Стырæй..." 19. Нæрæмон. 20. Æнгуыр. 21. Идæдз. 22. Ауæдз. 23. Аринæ. 28. Саумæр. 29. Аххæрæг. 30. Номдар. 31. Софи. 33. Магда. 34. Итали. 36. Æмыр. 37. Хадзы. 38. Бæдул.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Сæнк. 2. Адæг. 3. Дафи. 4. Фæхт. 7. Гуфта. 8. Емынæ. 9. Кронæ. 10. Иртыш. 15. Мæзæрæу. 16. Фæтæгæн. 17. Антипов. 24. Садон. 25. Саргъ. 26. Агуат. 27. Задын. 32. Иран. 33. Мызд. 35. "...ирæд...". 36. Æнуд.

Ног чиныг

# Фыссæгæн аргъгæнджытæ

**Мыхуыры рацыд нæ республикæйы адæмон фыссæг, РЦИ-Аланийы Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат АГЪНАТЫ Гæстæны сфæлдыстадыл дзурæг уацты æмбырдгонд «Знон æмæ абон». Сфæлдыстадон портретты, критикон уацты, рецензиты, презентациты, интервьюты автортæ бæстон æрдзырдтой йæ уацмыстыл, скодтой дзы хатдзæгтæ.**




Фыссæджы цард æмæ сфæлдыстадыл чиныджы йæ хъуыдытæ зæгъы **Хозиты Барис** йæ «Дзыллæйы зæрдæйæ стырдæр хæзна нæй»-ы.

Чиныджы фыццаг хай «Фæлгонцтæ»-йы мыхуыргонд æрцыдысты Хъазиты Мелитоны «Адæмы зæрдæмæ фæндаг», «Куырыхон лæджы кар», «Куырыхон лæджы кары» (цыбыр монографи), Хозиты Барисы «Йе сфæлдыстады – адæймаг æмæ царды æцæгдзинад».

Дыккаг хай «Уацтæ»-йы мыхуыргонд æрцыдысты **Тъехты Тамерлан** æмæ **Бедойты Беллæйы** «Йæ уацмыстæ зæрдæйыл æмбæлынц», **Гугкаты Жаннæйы** «Фембæлд фыссæгимæ», **Мзокты Аслæнбеджы** «Агънаты Гæстæны уацау «Бæх куыдта...». Аивадон фæрæзтæ æмæ сæ ахадындзинад» æмæ æндæртæ. Æртыккаг хай «Рецензитæ»-йы – **Гасанты Валерийы** «Ног чиныг – ахъаззаджы æххуыс», Тъехты Тамерланы «Уды рæстдзинад æвдисæг», **Хъазиты Мелитоны** «Зæрдæхæларæй хъуыддаджы ныхас», «Аразæн цæмæн ис»., **Абайты Зæлинæйы** «Аив дзырды дæсны», **Багаты Аврамы** «Темыры бинонты трагеди», Мзокты Аслæнбеджы «Намыс æмæ удыхъæды фæлварæн».

Чиныджы иннæ хæйтты сты рецензитæ, презентацитæ, уацхъуыдтæ, интервьютæ.

Фыссæг æмæ чиныгаразæг зæрдæбынæй арфæ кæнынц, ацы уацмысты æмбырдгонд рухс кæй фæрцы федта, уыдонæн: **Агънаты Ацæмæз, Батрадз** æмæ **Давидæн**.

**АБАЙТЫ Эдуард**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Кладка каминов, мангалов, отопительно-жаровочных комплексов, осетинских печей под газ и под дрова. Гарантия работы – 30 лет. Работают профессионалы. Тел.: 8-988-830-81-12 (Ирбек), 8-928-484-24-58 (Хамиц).**

**Металлоизделия, двери, ворота, навесы из лексана, покраска ворот. Тел.: 8-928-928-88-24.**






**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

**Услуги электрика**
**Оказываю услуги электрика качественно, надежно. Все виды работ с гарантией. Выезд и консультация бесплатно. Тел.: 8-918-702-00-82 (Казбек).**

**Газет «Хурзæрин»-ы редакцийы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц бинонтæ æмæ хиуæттæн, газет «Рæстдзинад»-ы сæрмагонд рауагъдты редактор Сланты Аслан цæрынхъуагæй кæй амард, уый фæдыл.**

**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**

## Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

Номыры радхæссæг редактор — **Саутæты Тамилæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарс æн — **Кæлухты Фатимæ;**
4-æм фарсæн — **Рæмонты Алинæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2346. Заказ № 735. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**